Bataaxal bi Yàlla may

YUDD,

mu bind ko

1 Man Yudd, jaamu Yeesu *Kirist, mi bokk ak Saag ndey ak
baay, maa leen di bind, yéen ñi Yàlla Baay bi woo te bëgg leen,
te Yeesu Kirist aar leen. 2 Na leen Yàlla may yërmande, jàmm
ak mbëggeel.

Bàkkaaru ñi weddi Yàlla ak seen muj

3 Samay bokk, bëggoon naa leena bind lool ci mbirum mucc gi
nu bokk, waaye lii moo gëna jamp : ma xiir leen, ngeen taxaw
ci aar mboolem dëgg, gi Yàlla xasa dénk gaayam yu sell yi ba
fàww. 4 Ndaxte am na ay nit ñu ñeme Yàlla, ñu yoxoosu ci seen
biir ; dañuy mbubboo yiwu Yàlla, ngir topp seen bakkan, di ci
weddi Buur Yàlla miy kenn ak sunu Boroom Yeesu *Kirist. Fekk
Mbind mi tëral na seen àtte bu yàgg.

5 Xam ngeen loolu lépp ba noppi sax, waaye dama leen koy
fàttali rekk. Xam ngeen ne Boroom bi musal na xeetam, ba
génne léen réewu Misra, waaye gannaaw ba raafal na ñi gëmul
woon. 6 Te it malaaka ya jàppul woon ca daraja ja ñu amoon,
xanaa toxoo fa ñu léen dëëloon, Yàlla yeew na léen buum yu sax,
tëj léen ci biir lëndëm, di léen nége àtteb bés bu mag ba. 7 Noonu
itam dëkki *Sodom ak Gomor ak dëkk ya léen wëroon, dañoo
sóobu ci njaaloo ak di def ay góor-jigéen, waaye àtte bi dal na
ci seen kaw, ba ñuy ay tegtal ci ñiy yelloo sawara ba fàww.

8 Naka noonu itam géntkat yooyu may wax ñu ngi sobeel
seen yaram, di weddi gépp kilifteef, di xas doole yi ci asamaan.
9 Waaye bi Mikayel, miy kilifa ci malaaka yi, di xëccook *Seytaane
néewu *Musaa, bay xuloo ak moom, ñemewu koo àtte, boole ciy
xas ; mu yem ci wax ko ne : « Na la Boroom bi mbugal ! » 10 Waaye
nit ñii may wax, dañuy saaga li ñu xamul. Te li ñu xam ci tañaxu
sax, ni bàyyima yu amul xel, dañu ci yàq seen bopp.

11 Ñookay torox ! Dañoo jaar ci yoonu Kayin, sóobu ci réerug
*Balaam ngir xaalis, di bañ kilifteef ni *Kore, te dinañu dee ni

moom. 12 Su ñu bokkee ak yéen reeru mbooloo mi, dañu ciy indi
ay, niy xeer yu nëbbu ci biir géej ; amuñu genn gàcce, waaye
dañuy giiroo te fonk seen biir rekk. Ñu ngi mel ni xiin yu amul
ndox, yuy naaxsaay ci ngelaw ; ni garab yu meññul ci jamonoy
meññeef, te buddeeku, dee ba wow koŋŋ; 13 mel ni duusi géej gu
mer, yuy gëq jëf yu ruslu ; niy biddiiw yuy fàq, te Yàlla dencal
na léen lëndëm ga gëna tar ba fàww.

14 Enog, di juróom ñaareelu maam gannaaw Aadama, waxoon
na ci kàddug Yàlla, ba weer léen ne : « Boroom bi wàcce na ca
asamaan, ànd ak ay junniy junniy malaakaam, 15 ngir àtte ñépp,
te mbugal ñi weddi ñépp ndax ñaawteef, yi ñu jëf ci ñeme Yàlla ;
di léen fàttali it kàddu yu ñaaw, yi ñu ko tifaar ci seeni bàkkaar
ak seen weddi. » 16 Duñu noppee xultu, di jàmbat seen nekkin,
tey topp seen nafsu ; ay wax yu réy a ngi ball ci seen làmmiñ,
waaye dañuy jay ñi ñuy yaakaare njariñ.

Góor-góorluleen

17 Waaye yéen samay xarit, fàttalikuleen la leen ndawi sunu
Boroom Yeesu *Kirist waxoon lu jiitu, 18 ne leen : « Mujug
jamono ay tiiñalkat dinañu feeñ, ñuy weddi Yàlla, ngir topp
seen bakkan. » 19 Ñooy féewale, te Xelum Yàlla nekkul ci ñoom ;
nit kese lañu. 20 Waaye yéen samay xarit, doolewuleen ci seen
yoonu ngëm wu sell, tey ñaan ci dooley *Xel mu Sell mi, 21 ba
saxoo mbëggeelu Yàlla, tey séentu yërmandey sunu Boroom
Yeesu Kirist, mu tàbbal leen ci dund gu dul jeex. 22 Jubbantileen
ñi am werantey xel, 23 ngeen musal ñale, jële léen ci sawara, te
yërëm ñeneen ñi, waaye boole ci moytu, ba sib sax seen yére
yi taq sobe.

Yàlla moo yelloo ndam

24 Yàlla mi leen mana aar ci gépp jeng te teewal leen fa kanam
ndamam, ngeen ñàkk sikk te fees dell ak mbég ; 25 Yàlla miy
kenn, di sunu Musalkat, yal na yelloo ndam ak màgg, kàttan
ak nguur, jaar ci Yeesu *Kirist sunu Boroom, démb, tey, ëllëg
ba fàww ! Amiin.